

# Enfòmasyon sou Nouvo Benefis ki pral Parèt nan Medicare

## LWA ANE 2003 SOU AMELYORASYON AK MODÈNIZASYON PRESKRIPSYON MEDIKAMAN NAN MEDICARE (MEDICARE PRESCRIPTION DRUG IMPROVEMENT AND MODERNIZATION ACT OF 2003)

**M**EDICARE se yon pwogram pou swen medikal ki esansyèl pou moun ki gen 65 an oswa plis ansanm ak moun ki andikape.

Tou dènyèmman, Prezidan Bush ak Kongrè a te travay ansanm pou pase yon nouvo lwa pou bay moun ki gen Medicare plis chwa nan asirans pou swen medikal ansanm ak pi bon benefis pou swen medikal.

Nouvo lwa sa a prezève epi ranfòse pwogram Medicare ki egziste kounye a, li ajoute bon jan nouvo benefis pou preskripsyon medikaman ak benefis pou prevansyon, epi li bay èd siplemantè pou moun ki gen revni ki ba. W ap toujou kapab chwazi doktè, lopital ak famasi ou vle.

Si ou kontan avèk asirans Medicare ou genyen kounye a, ou ka kenbe l jan ou genyen l lan. Oswa, ou ka chwazi pou enskri nan nouvo chwa ki dekri anba a. Kèlkanswa sa ou deside a, w ap toujou rete nan pwogram Medicare lan.

## KAT POU RABÈ SOU MEDIKAMAN AP KÒMANSE NAN ANE 2004

**Kat pou Rabè sou Medikaman Medicare-Apwouve** pral disponib nan ane 2004 pou ede w ekonomize sou preskripsyon medikaman yo. Medicare pral fè kontra ak kèk konpayi prive pou ofri nouvo kat pou rabè jiskaske yon benefis pou preskripsyon medikaman kòmanse nan ane 2006. Yon kat pou rabè ki gen so apwobasyon Medicare ka ede w ekonomize ant 10 a 25% sou preskripsyon medikaman.

Ou ka enskri bonè apati mwa me 2004 epi kontinye pou rive jis nan 31 desanm 2005. Se chwa paw si w vle enskri. Medicare pral voye enfòmasyon baw toutalè ki pral baw detay sou fason pou enskri.

**Moun ki gen plis bezwen pral resevwa plis èd ki disponib pou yo.** Si revni w nan ane 2003 a pa depase \$12,123 pou yon moun selibatè, oswa pa depase \$16,362 pou de (2) moun marye, ou ka kalifye pou \$600 kredi sou kat rabè w lan pou ede w peye pou preskripsyon medikaman w yo. Limit sou revni sa yo chanje chak ane epi limit pou ane 2004 lan pral disponib toutalè konsa. Règ diferan ka aplike si w abite Pòtoriko oswa nan yon teritwa Etazini. (Ou paka kalifye pou \$600 a si ou deja genyen asirans pou medikaman nan Medicaid, TRICARE *for Life* oswa si w gen yon plan asirans pou gwoup kote w ap travay la bay.)

**Sa ki nouvo tou nan ane 2004 la, Medicare Advantage** se nouvo non pou plan Medicare+Choice. Règleman ak pèman Medicare Advantage yo amelyore pou bay plis chwa nan plan asirans ak pi bon benefis. Chwa plan yo ka deja amelyore nan zòn kote ou ye a. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele **1-800-MEDICARE** (1-800-633-4227).

## NOUVO BENEFIS PREVANSYON KI MIYÒ AP KÒMANSE NAN 2005

Yo pral kouvri **Nouvo Benefis pou Prevansyon**, ikonpri:

- Egzamen byenèt fizik yon fwa nan yon delè 6 mwa apati jou ou te premye enskri nan Medicare Pati B.
- Tès san pou detekte maladi kadyovaskilè bonè (maladi kè).
- Tès depistaj maladi dyabèt (sik) pou moun ki gen Medicare ki gen risk pou fè maladi dyabèt.

Benefis sa yo ajoute sou anpil sèvis prevantif Medicare deja kouvri, tankou tès pou kansè, mezi kantite tisi ose ak vaksen.

## PLAN PRESKRIPSYON MEDIKAMAN AP KÒMANSE NAN ANE 2006

Yo pral ajoute **Benefis Preskripsyon Medikaman** nan Medicare nan ane 2006. Tout moun ki gen Medicare pral kapab enskri nan plan ki kouvri preskripsyon medikaman yo. Plan yo ka varye, men an jeneral, se konsa yo pral mache:

- Ou pral chwazi yon plan preskripsyon medikaman epi peye yon prim apeprè \$35 pa mwa.
- Ou pral peye premye \$250 a (yo rele “franchiz”).
- Lè sa a Medicare pral peye 75% nan depans yo ant \$250 a \$2,250 nan depans pou medikaman. Ou pral peye senpleman 25% nan depans sa yo.
- Ou pral peye 100% nan depans medikaman ki depase \$2,250 jiskaske ou rive depanse \$3,600 nan kòb paw.
- Medicare pral peye apeprè 95% nan depans sa yo aprè ou fin depanse \$3,600.



Kèk plan preskripsyon medikaman ka genyen chwa sipleman pou ede w avèk depans w ap peye ak kòb paw.

**Èd Siplemanè Pral Disponib pou** moun ki gen revni ba ak byen limite. Sa ki pi enpòtan, moun ki gen Medicare ki gen plis bezwen, ki gen revni ki piba pase kèk limit ki fikse pa pral oblije peye prim oswa franchiz pou preskripsyon medikaman. Yo pral fikse limit revni yo nan ane 2005. Si ou kalifye, ou pral senpleman peye yon ti kotpa pou chak preskripsyon ou bezwen.

Lòt moun ki gen revni ba ak byen limite pral resevwa èd pou yo peye prim ak franchiz yo. Yo pral limite montan yo gen pou peye pou chak preskripsyon.

Yo pral agrandi chwa plan **Medicare Advantage** lan pou l gen ladan l plan òganizasyon founisè prefere rejyonal (preferred provider organization plans - PPOs). PPO rejyonal yo pral ede asire moun ki gen Medicare genyen plizyè chwa pou asirans Medicare, kèlkanswa kote yo abite. PPO yo ka ede w ekonomize lajan lè ou chwazi pami doktè ak founisè nan lis “prefere” yon plan, men souvan sa pa mande pou jwenn yon referans. PPO yo pami plan ki pi komen epi ki pi popilè kounye a pou Ameriken k ap travay.

Tout chwa sa yo volontè. Ou ka chwazi pou rete nan plan Medicare tradisyonèl ou genyen jodi a.

## NOUVÈL POU TOUT AMERIKEN

Depi kounye a, Ameriken yo pral kapab mete lajan dekote chak ane, san yo pa peye taks sou li, nan Kont Depay Medikal (Health Savings Accounts). Yo ka itilize kont depay yo pou peye depans medikal, epi lajan ki pa depanse pral rete nan kont lan epi resevwa enterè sou li san ou pa peye taks, menm jan ak yon Kont Retrèt Endividyèl (Individual Retirement Account - IRA). Franchiz pou asirans medikal ou an dwe omwen \$1,000 pou selibatè epi omwen \$2,000 pou fanmi.

## OU GEN KÈK KESYON SOU MEDICARE?

Pou enfòmasyon ki pi resan sou Medicare, vizite [www.medicare.gov](http://www.medicare.gov) oswa rele **1-800-MEDICARE** (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo dwe rele 1-877-486-2048.

